

**TATA PANGIBADAH MINGGU ADVEN KAPING 3 - GKJ AMBARRUKMA**  
**17 Desember 2023**  
**Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**

(Warni liturgis ungu, Stola : Logo Salib Jangkar)

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah,  
2 (kalih) lilin ungu lan 1 (satunggal) lilin jambon.*

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah Minggu, Pitulas Desember Kalih Ewu Tiga Likur (17 Desember 2023). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedhèrèk, tuwin laré-laré sadaya. Bapak Ibu saged ngaturaken jawat asta, utawi salam *namaste* dhumateng pasamuwan ing sakiwa, tengen, ngajeng, saha wingking palenggahan panjenengan.

Pangibadah wekdal menika ugi dipun giyaraken lumantar live streaming Youtube GKJ Ambarrukma, pramila kula ugi ngaturaken sugeng nyuraosi pangibadah tumrap Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang wonten dalemipun piyambak-piyambak utawi wonten pundi-pundi papan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Ngeningaken Manah Ananggapi Pangajeng-Ajeng**” badhe kaladosaken dening **Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan**.

Sesarengan pangibadah ing wekdal enjang menika kita purwakani kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Selangkung, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 25 : 1, 2), “Ngabekti Mring Gusti”** ..... *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- |   |   |
|---|---|
| (1) Swawi pra suci nyawiji tunggal Ati<br>sami ngabekti memuji mring Gusti<br>Ajrih sumelang sedhik lan kasangsaran<br>ginantos kabegjan sihing Pangeran. | (2) Ngidung tan kendhat sru nggunggung Kang Murbengrat,<br>ngetung mukjijad lan sagung sih rahmat,<br>lubering berkah sing swargi tansah tumrah,<br>ginantosakken manah nyirnakken semplah. |
|---|---|

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)*

**3. Votum tuwin Salam Karaharjan:** *(Pasamuwan Jumeneng)*

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu Kaping Tiga ing Mangsa Adven menika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /  
A min, A min, A min.**

*(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)*

**4. Lektor : Sabda Introitus : Yesaya 61 : 1-3**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

**5. Liturgos :** “Bapak, Ibu, saha para Sadherek ingkang kinasih wonten ing Gusti Yesus, Gusti kita sampun mbabar karahayon. Gusti Allah ugi ngundhangake taun sih-rahmatipun saha dintening piwalesing Allah, ingkang nglipur sakehing tiyang ingkang nandhang sisah.

Sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepèkaken **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Tigang Dasa Kalih, Pada Setunggal Lan Sekawan (KPK 132 : 1, 4), “Kabejaning Tyang Kristen”**

- |   |   |
|---|---|
| (1) Samangkya kita merdika<br>uwal sing rehing dosa<br>ngegungken bekti mring Gusti<br>wah asih mring sesami              | <u>Refr:</u><br>mung kraharjan lan kabegjan<br>kang tansah ngiring gesang<br>tinebus Sang Kristus Gusti kula sinung basuki. |
| (4) Mangkya kita Umat Kristen kang tansah ndherek Gusti<br>Injil suci winartosken srana katresnan yekti..... <u>Refr:</u> |   |

**6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Daniel 12 : 10**

**7. Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Pasamuwan kagunganipun Gusti. Kita menika tiyang ingkang badhe kasucekake lan dipun resiki sarta dipun uji. Sumangga kita dados tiyang ingkang wicaksana ingkang badhe mangertos menapa ingkang dados karsanipun Gusti ing gesang kita.

Pramila sumangga sami kita cawisaken manah, sowan marek wonten Ngarsanipun Gusti, nglenggana sedaya jembering dosa kita saha punapa ingkang dados karingkahan kita lumantar pandonga pamratobat. Kita purwakani kanthi rerepening **Kidung Pasamuwan Jawi Sèket Gangsal, Pada Setunggal Lan Kalih (KPJ 55 : 1, 2), “Kula Tiyang Dosa”**

(1) Kula tyang dosa klangkung ageng,  
rinentaha palimirma.  
Punika ngeramaken,  
kawula sewu tan nyana.  
Mangke tan wonten paniksa )2x  
Ming rumentah ing sih mirma )2x

(2) Allah ngasihi dhateng kula,  
dosa kula ingaksama.  
Tan wonten mulading bendunya,  
wit kula ingangkat putra.  
Kula punika sinten, ta, )2x  
dé rinentahan sih-mirma? )2x

**8. Imam: Pandonga Pamratobat**

Sadhèrèk kinasih, umatipun Gusti Yésus Kristus, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinuji-pujia asma Paduka Gusti, kawula sowan malih wonten Ngarsa Paduka kanthi raos ingkang kebak sukabingah lan raos syukur. Sinten ta kawula menika ing Ngarsa Paduka. Paduka tansah nresnani kawula. Kawula pitados bilih Paduka badhe paring pangluwaran saking bebendunipun dosa, kados pangandel pangandika saking Paduka. Bilih Paduka ingkang badhe nucekaken saha ngresiki manah kawula. Pramila kasagetna kawula dados umat kagungan Paduka ingkang wicaksana, kaluputaken saking watak duraka.

Dhuh Gusti, mekaten atur pamratobat kawula punika, kawula unjukaken wonten Ngarsa Paduka linambaran sih-katresnanipun Gusti Yesus Kristus, Juru Wilujeng kawula. Amin.”

**9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Zakharia 13 : 9**

**Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Ibrani 10 : 22**

**10. Liturgos :** “Pasamuwan brayatipun Gusti Yesus Kristus, sumangga kita sami sowan ing ngarsanipun Gusti Allah kanthi manah ingkang temen saha eklas sarta kalawan kayakinan ing kapitadosan ingkang kukuh, amarga manah kita sampun kasucekaken. Pramila kita nindakaken sadhengah prekawis kanthi tulusing manah kagem kamulyanipun Gusti.

Sumangga kita tansah ngugemi dhawuhipun kanthi kesanggeman kita lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Kalih Atus Sedasa Pada Setunggal lan Kalih (KPK 210 : 1, 2), “Rawuhipun Gusti”..... Pasamuwan kula aturi jumeneng**

- (1) Dhuh Gusti kados pundi nggèn kula sung urmat  
methukken klayan puji mring ratuning jagad  
mugi Gusti madhang lan Roh Suci  
mrih nggen kula ngabekti mranani mring Gusti.
- (2) Sing dhampar kang sejati nggih kamulyan swargi,  
Gusti tedhak ing donya nunggil lan manungsa,  
tumut nandhang sangsara ngrembat kasisahan,  
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangeran.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

## 11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

### a) Pandhita : Pandonga Epiklese

Kagem nyuraosi mangsa Adven, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Masa Adven taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Ku Siap Menyambut-Mu**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan.

Pengharapan bagaikan sauh, kuat dan aman bagi jiwa.  
'Ku ingin memilikinya, 'tuk kes'lamatan hidupku.  
Yesus Kristus Juru Selamat, Dialah pengharapan itu.  
Dia 'kan datang kembali, 'ku ingin menyambutNya.

Kubersihkan diri ini, kusiapkan hati suci.  
Agar layak menyambutnya, Yesus Sang Raja Mulia.  
Kubersihkan diri ini, kusiapkan hati suci.  
Agar layak menyambutnya, Yesus Sang Raja Mulia.

### b) Pandhita : maosaken **Yokanan 1 : 6-8; 19-28**

### c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Maranatha.**

**Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6.54 3 |**  
**Mara- natha Mara- natha Mara - na - tha**

### d) Pandhita : **Paladosan Khotbah**

### e) **Irah-irahan: “Ngeningaken Manah Ananggapi Pangajeng-Ajeng”**

### f) **Ancas : Pasamuwan kanthi weninging manah kabereg supados saged dados paseksi tumrap pakaryanipun Gusti Yesus Kristus.**

12. **Pandhita : Peladosan Baptis** tumrap lare **KENANGA ABIGAIL DARASANTIKA**, putranipun Brayat Albertus Satria Yudha-Yemima Inadia Ayu Ratnasari, saking Jl. Cabe I No. 13C RT.05 RW.60, Karangploso, Maguwoharjo, Papanthan Nologaten.

Kalajengaken **Panampining Pengaken Pitados (Sidhi)** tumrap: **Sdr. RUTH AMELIA SETYAWATI**, putranipun brayat (Alm) Bayusmara Hening Budi Cahya-(Almh) Kristinah Dwi Suryaningsih, saking Berbah, Sleman, Wilayah 5.

Peladosan berkah kairing pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Sewidak Tiga, Pada Tiga (KPK 63:3)**

Pangeran Allah Ma Kwasa  
Nglubèrken berkah sing swarga  
Muwuhi ing sih Rahmat-Nya  
Ngiring ing kasetyanira.

### 13. **Pisungsung**

**Imam** : “Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kanthi weninging manah kabereg supados saged dados paseksi tumrap pakaryanipun Gusti Yesus Kristus.

Sesarengan kita nyamektakaken dhawuhipun Gusti kanthi ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken. Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak utawi salah satunggaling kantong, déné pisungsung mirunggan **Caos Sokur Baptis Sidhi** saha kagem panyengkuyung **Pahargyan Natal Bersama 2023** saged dipun lebetaken wonten kothak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal menika kapethik saking **Serat Rum Bab Kalih Welas Ayat Setunggal (Rum 12 : 1)** ingkang mekaten suraosipun: “**Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahane Gusti Allah, aku pitutur marang kowe, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparenge Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati.**”

Sesarengan kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Wolung Dasa Enem, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 186 : 1, 2)**, “**Pisungsung Konjuk Mring Gusti**”.

(1) Jagad nampik sihing Allah  
nyingkur mring Sang Pamarta  
ninging kula pracaya pasrah  
ngraosken sih rahmatnya,

Refr:  
mangga sru ngidung ngunggung Hyang Widi  
wah sung pi sungung konjuk mring Gusti  
ngaturken pratandha sokur  
krana berkahnya mancur.

(2) Jagad ndlarung aneng. dosa tansah mburu kadonyan,  
kula bekti mring Sang Rama wit rino6an kabegjan.....Refr:

#### 14. **Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat**

15. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

#### 16. **Pandhita : Paladosan Berkah**

17. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Lan sak pungkasanipun pangibadah brayat Brayat Albertus Satria Yudha-Yemima Inadia Ayu Ratnasari ingkang sampun mbaptisaken putranipun, saha sedherek Ruth Amelia Setyawati ingkang sampun ngakeni pitados utawi sidhi saha brayat, saget jumeneng ing ngajeng kori nampi jawat asta kabingahan saking warga pasamuwan.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi tansah ngudi weninging manah kabereg supados saged dados paseksi tumrap pakaryanipun Gusti Yesus Kristus.

Kita pungkasi kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Tigang Atus Sekawan Dasa Tiga, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 343 : 1, 2), “Purnaning Pangabekti”**

(1) Pinujia nggih Allah Sang Rama  
wah Sang Putra lan Roh Suci  
purna pangabekti aneng greja  
ngrasuk gesang saben ari,

Refr:  
payo nindakna kang trusing ati  
sabdaning Gusti Sung gesang yekti  
sinartan dening berkahing Gusti  
sung sih rahmat mring sesami.

(2) Pangabekti sestu pangibadah lamun Gusti kang den sembah  
krahajaraning pepadha den udi jagad ramya tentrem yekti.....Refr:

18. **Liturgos** : “Sugeng dinten Minggu, lan kita sami tansah binerkahan ing Sang Kristus Gusti. Amin.”